

TATA PANGIBADAH MINGGU KELIMA PASKAH - GKJ AMBARRUKMA 18 MEI 2025

Gedung Induk Papringan, jam 08.00 WIB
Pepanthan Nologaten, jam 08.00 WIB

(Warni Liturgis: Putih, Stola/Logo/Simbol : Kembang Lily)

1. **Pacawisan** : Imam mimpin pandonga ing konsistori
2. **Liturgos** :

*Sakderengipun pangibadah kawiwitan,
Liturgos nyumet 1 (satunggal) lilin pethak ibadah.*

Uluk Salam Pradataning Pasamuwan:

Liturgos : “Pasamuwan kinasih kagunganipun Gusti Yesus Kristus, Pradataning Pasamuwan GKJ Ambarrukma ngaturaken sugeng rawuh, sugeng enjang, lan sugeng pepanggihan malih wonten ing pangibadah **Minggu, Wolulas Mei Kalih Ewu Selangkung (Selawe)** (18 Mei 2025).

Sumangga kita sami atur uluk salam namaste utawi kanthi jawat asta kagem pasamuwan ing sakiwa tengen, ngajeng, saha wingking panjenengan. Berkah kabingahan, karaharjan, saha tentrem rahayu tansah nyarengi kita sami.

Kula nyuwun kawigatosanipun sawetawis, awit wontenipun pawartos Minggu menika, ingkang badhé kula aturaken sapérangan (*maosaken pawartos*).

Jangkeping pawartos saged kawaos lumantar pawartos *online* ingkang saged dipun undhuh mawi *QR code* ingkang sampun kacawisaken wonten ing layar monitor, punapa ingkang sampun kacawisaken wonten grup Whatsapp, menapa déné lumantar iber-iber cetak ingkang kacawisaken wonten ing kori greja.

Pasamuwan ingkang dipun kasihi dening Gusti, pangibadah wekdal punika kanthi irah-irahan “**Berkah tumrap sedaya Bangsa**” badhe kaladosaken dening Bapa/Ibu Pandhita

Sumangga kita puji asmanipun Gusti kanthi repening kidung pambuka **Kidung Pasamuwan Jawi Tiga Welas, pada Setunggal lan Kalih (KPJ 13 : 1 + 2)**, “**Kula Sami Sowan**” *pasamuwan kasuwun jumeneng*

- (1) Kula sami sowan, kaparing ana kakyatan mundhi timbalan
Mugi katedhakna pangwasaning Roh Paduka, nganthi kawula
Wit pangreh Paduka sestu andayani
temah kula kwawi nglampahi.

- (2) Kula kasagedna ngundhangken sabda Paduka kalayan setya.
 Ngungkurken kadonyan, nyelaki dhampar kaswargan sumber kraharjan.
 Temah tyang sajagad, saguning pra umat
 ngluhuraken Kang Amengku Rat.

(Kidung kawiwitan, Imam lan Pengkhotbah lumebet dhumateng altar, Imam ngaturaken Kitab Suci dhumateng Pengkhotbah, sakderengipun Pengkhotbah mapan dhateng mimbar)

3. **Votum tuwin Salam Karaharjan:**

(Pasamuwan Jumeng)

- Pandhita : Pasamuwan kinasih, sumangga ing pangibadah dinten Minggu punika kita sesarengan mratelakaken pangaken konjuk Gusti ingkang mekaten:
- Sadaya : **Pitulungan kita punika pinangkanipun saking Sang Yehuwah ingkang nitahaken langit lan bumi, tuwin ingkang mboten nate nilaraken pakaryaning Astanipun.**
- Pandhita : Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Sang Yehuwah Gusti kita, tuwin Gusti Yesus wonten ing bapak, ibu, sadherek lan lare-lare sadaya.
- Pasamuwan : **Mekaten ugi ing panjenengan.**
- Sadaya : **5 7 i . / 5 7 i . / 5 4 3 . /**
Amin, Amin, Amin.

(Liturgos: Pasamuwan kula aturi lenggah.....)

4. **Sabda Introitus**

- Lektor** : Introitus kapethik saking **Yesaya 52: 7-10**
- Lektor : “Mekaten sabdanipun Gusti”
- Pasamuwan : “Puji sokur konjuk Gusti”

5. **Liturgos** : “Pasamuwan kagunganipun Gusti Yesus, Sabdanipun Gusti ngengetaken bilih Allah kita sampun ngatingalaken astanipun ingkang suci ing sakngajengipun sedaya bangsa; mila lajeng sumurup karahayon ingkang pinangkanipun saking Allah kita.

Sumangga sesarengan kita repenaken kidung sukarena, **Kidung Pasamuwan Jawi Enem Likur, pada Setunggal lan Tiga (KPJ 26 : 1, 3), “Pinuji Gusti”**

- (1) Pinuji Gusti kang nitahken jagad, Refr:
 siyang ratri tan kendhat ngganjar sih rahmat Haleluya, sagung puji tansah konjuk Gusti.
 Haleluya, sagung bekti mring Ratu Swargi.
- (3) Pinuji Gusti Allah Sang Roh Suci,
 kang nuntun ing kraharjan wah kasampurnan.....Refr:

6. **Pendeta : Sabda Andharaning Katresnan (Mulad Sarira) : Wahyu 15: 4**

7. **Pacawisan Pamratobat**

Imam : ”Pasamuwan ingkang dipun tresnasi Gusti, Paduka piyambak ingkang suci. Sakathahipun bangsa sami badhe sowan sarta nyembah sujud dhateng Paduka, estu-estu katingal leresing sadaya pangadilan Paduka.

Sesarengan kita badhe nyawisaken manah, murwakani pandonga pamratobat, kanthi memuji **Kidung Pasamuwan Jawi Seket Gangsal, pada Setunggal lan Tiga (KPJ 55 : 1, 3), “Kula Tyang Dosa”**

(1) Kula tyang dosa klangkung ageng,
rintentahan palimirma.
Punika ngeram-eramaken,
kawula sewu tan nyana.
Mangke tan wonten paniksa (2x)
Ming rumentahing sih mirma. (2x)

(3) Sayogya kula gunggung-gunggung
palimirmanipun Allah,
kang nglepataken saking ukum
miwah nu cékaken manah.
Panggunggung kula tan liya, (2x)
ming bab rentahing sih-mirma. (2x)

8. **Pandonga Pamratobat**

Imam : “Pasamuwan ingkang sampun dipun tunggil ing padalemanipun Gusti, sesarengan kita aturaken pandonga pamratobat, kita ndedonga:

“Sagung puji saha panuwun sokur konjuk dumateng Paduka, awit saking kamirahan Paduka, Paduka mboten negakaken kawula. Paduka tansah nyarengi ing sak puruk-puruk kawula. Wonten ing pangibadah menika Gusti, kanthi manah ingkang cuwa, kawula atur panelangsa awit sedaya dosa kawula. Pramila Gusti, nyuwun piwelas saha Paduka ingkang nucekaken saking sakathahing dosa kawula. Nyuwun panganthi saha pepadhang saking Sang Roh Suci dados panunthun lan dilah ing sak uruting lampah gesang kawula.

Linambaran pangurbananipun Gusti Yesus Kristus Juru Wilujeng, kawula ndedonga. Amin.”

9. **Pandhita : Pawartos Sih-Rahmat : Lelakone Para Rasul 10 : 34**

Pandhita : Pangatag-atag Gesang Anyar : Rum 15 : 11

10. **Kidung Kasanggeman**

Liturgos : “Pasamuwan kagunganipun Gusti, Gusti kita Yesus Kristus mbabar paseksi lumantar Rasul Petrus bilih Panjenenganipun mboten mbedak-mbedakaken tiyang. Gusti ugi paring dhawuh supados sedaya bangsa sami saos puji tumrap Panjenenganipun. Pramila kita saget ngaturaken wangsulan kanthi sesarengan ngrepekaken **Kidung Pasamuwan Jawi Satus Sangang Dasa Kalih, pada Setunggal lan Tiga (KPJ 192 : 1, 3), “Isining Kabar Kabingahan”..... pasamuwan kula aturi jumeneng**

- (1) Isining kabar kabingahan winangsit ken de'ning Pange'ran,
dadya srana paring piwulang margining kautaman.

Refr:

Dimen tyang pitados tansah arumantos
mbangun turut Gusti, nresnani sesami.

- (3) Tyang sisah pinaringan lipur ye'n nampi sabde'ng Kang Maluhur.
Tyang ringkih pinaringan kiyat, kasinungan sih-rahmat.....Refr:

(Liturgos : *Pasamuwan kula aturi lenggah.....*)

11. Wedharing Sabdanipun Gusti

(*Pasamuwan Lenggah*)

a) Pandhita : Pandonga Epiklese

b) Ngrepenaken Pepujen Tema Paskah

Kagem nyuraosi mangsa Paska, kita badhe sesarengan memuji pepujen Tema Paska taun menika ing saben wekdal pangibadah kanthi irah-irahan “**Tuhanku Bangkit**”. Pepujen menika anggitanipun (gubahan) Komisi Musik GKJ Ambarrukma.

3 4 | 5 3 4 5 3 5 | 4 3 2 2 3 | 4 2 4 2 6 | 5 4 3 3 4 |

1. Berge - ma gembira di ha - ri cerah, ba-tu terguling, kubur terbuka. Gelap-
2. Dalam kebangkitan, janji - Nya tuntas, Harap - an baru, do-sa terlepas. Mari

Reff. :

5 3 5 3 1 | 7 6 6 7 1 | 5 3 5 4 3 2 | 1 . 0 3 3 4 |

pun sirna, terbit - lah terang, Tuhan bangkit, maut pun ka- lah. Tuhanku
bersorak pu-ji - lah Di-a, Sang Pem-bebas sumber s'lamatku.

5 5 . 5 4 3 | 4 2 . 2 2 3 | 4 4 5 6 5 4 | 3 . 0 3 3 4 |

bangkit, sorak ber - gema. KuasaNya jaya, kasihNya nya-ta. Tuhanku

5 5 . 1 7 1 | 7 6 . 6 7 1 | 1 5 4 4 3 2 | 1 . . ||

bangkit, hidup s'lamanya. A-kupun bangkit, hidup dalamNya.

c) Pandhita : maosaken Lelakone Para Rasul 11: 1-18

d) Pandhita : Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken sabdanipun Gusti lan nindhakaken karsanipun Gusti ing gesang padintenan. Haleluya.

Pasamuwan: 1 1 | 3 3 0 3 3 | 5 5 0 5 5 | 6.543 |
Hale - luya Hale - luya Hale - lu - ya

e) Pandhita : Paladosan Khotbah

f) Irah-irahan: “Berkah tumrap sedaya Bangsa”

g) Ancas : Pasamuwan dipun ajak supados tansah emut lan saos sokur bilih Gusti paring berkah tumrap sedaya bangsa (mboten mbedakaken).

h) Wekdal Ening.

12. Pisungsung

Imam : “Pasamuwan ingkang dipun kanthi Gusti, berkahipun Gusti tansah kababar ing gesang kita sami. Awit saking menika, kita badhe nyaosaken pisungsung dumateng Gusti minangka cihnaning raos sokur kita.

Pisungsung wekdal menika kapantha dados tigang kanthong, kanthong setunggal kagem pasamuwan, kanthong kalih kagem kesaksian pelayanan, lan kanthong tiga kagem panyengkuyung dana griya éméritus. Pisungsung mirunggan saged dipun lebetaken ing kotak ingkang sampun kacawisaken. Lan ingkang ngersakaken caos pisungsung kanthi migunakaken aplikasi m-banking, sumangga saged mawi scan kode QRIS ingkang sampun cumawis, katèmpèl wonten palenggahan.

Tetales pisungsung kapethik saking serat **Rum bab Gangsal Welas, ayat Gangsal Welas lan Enem Belas (Rum 15: 15-16)** ingkang mekaten suraosipun:

“Ewadene marga saka sih-rahmat peparinge Gusti Allah marang aku, ana ing layang iki ing kana kene aku rada wani aweh pepeling marang kowe kabeh, yaiku manawa aku kepareng dadi peladose Sang Kristus Yesus kanggo bangsa-bangsa saliyane bangsa Yahudi ing bab ngabarake Injile Gusti Allah, supaya bangsa-bangsa mau bisaa katampi ing Gusti Allah, minangka pisungsung kang dadi keparenge, kang kasucekake dening Roh Suci.”

Kita aturaken pisungsung wonten ngarsanipun Gusti, kanthi repening pepujen **Kidung Pasamuwan Jawi Satus Suwidak Kalih, pada Setunggal lan sakcekapipun (KPJ 162 : 1 -), “Katur Ngarsa Paduka, Gusti”**

- (1) Katur ngarsa Paduka, Gusti sawetahing gesang kula.
Jiwa lan raga kula mugi aso nèng asta Paduka.
Manah kula tansah lipura, sumaos mring Kang Maha kwasa. Amin.
- (2) Srana Gusti kawula Yésus, Paduka paring Panebus.
Tresna miwah suka-pirena Paduka srahken mring kula.
Lamun tiyang purun ngakeni, Paduka tansah dipun lari.
- (3) Katresnanta Paduka, Gusti wonten ing Yésus kawedhar.
Kula pasrah kang trusing ati, sumarah kalayan lejar.
Kula sèstu rumaos begja linubèran rahmat Paduka.

13. Pandhita : Pandonga Syukur lan Syafaat

14. **Liturgos** : “Bapak, Ibu, lan Sedhèrèk kinasih ing Gusti Yesus Kristus, sumangga sesarengan kaliyan tiyang pitados ing pundi-pundi papan, kita sami nélakaken **Pangaken Pitados Rasuli**. Pasamuwan kula suwun jumeneng

- Kawula pitados dhateng Allah Sang Rama, ingkang Mahakawasa, ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.
- Inggih pitados dhateng Yesus Kristus ingkang Putra ontang-anting, Gusti kawula.
- Inggih kabobotaken dening Roh Suci, miyos saking prawan Maryam.
- Inggih nandhang sangsara nalika jumenengipun Pontius Pilatus, kasalib, nglampahi seda, lajeng kasarekaken, tumedhak dhateng ing teleng palimengan.
- Ing tigang dintenipun wungu malih saking antawisipun tiyang pejah.
- Lajeng sumengka dhateng ing swarga, pinarak wonten ing tengenipun Allah Sang Rama ingkang mahakawasa,
- Saking ngriku inggih badhe rawuhipun ngadili tiyang ingkang gesang kaliyan ingkang pejah.
- Kawula pitados dhateng Roh Suci.
- Kawula pitados wontenipun pasamuwan Kristen satunggal ingkang suci sarta wradin, inggih patunggilanipun para suci.
- Punapa-dene pangapunteaning dosa.
- Tanginipun raga.
- Sarta gesang langgeng.

15. **Pandhita : Paladosan Berkah**

16. **Liturgos** : “Pradataning Pasamuwan ngaturaken panuwun awit peladosanipun Bapa/Ibu Pandhita lan sadaya paraga ingkang sampun nyengkuyung lampahing pangibadah Minggu punika, ugi pasamuwan ingkang rawuh lan nderek ing pangibadah.

Pasamuwan ingkang dipun tresnani Gusti, sumangga kita sami dados warganing bangsa Indonesia ingkang sae awit Gusti sampun paring berkah tumrap sadaya bangsa. Sesarengan kita pungkasi pangibadah punika kanthi repening **Kidung Pasamuwan Jawi Sekawan Atus Sekawan Dasa (KPJ 440)**, “**Kawula Tinuntuna**” (karepekaken kaping kalih).

Kawula tinuntuna pasrah nyawa mring Paduka;
tyang kasasar lampahnya, wit krana dosanya.
Awis ingkang angopeni sarta sami preduli;
kawula kaparengna nyebar Injil suci.

17. **Liturgos** : “Mekaten lampahing pangibadah ing enjang menika sampun paripurna. Sugeng dinten Minggu, sugeng kondur, Gusti tansah paring berkah tumrap sadaya bangsa.”